



Aprè Yon Dyagnostik Kansè nan Po



Si yo te di w gen kansè nan po, ou te pwobableman deja fè egzamen ak yon byopsi (yon tès ki pran kèk tisi pou verifye prezans kansè). Gen lòt tès ki te ka fèt sou selil kansè yo pou tcheke kèk pwoteyin ak chanjman jèn ke yo rele byomakè. Ou te ka fè tou eskanè oswa tès ki baze sou tip kansè po ou genyen an. Tès sa yo ede doktè w konnen ki tretman ki ta ka ede.

Tip kansè po

Gen anpil tip kansè po. Li enpòtan pou konprann tip ou genyen an pou konnen a kisa pou w atann.

Kansè bazoselilè ak spinoselilè se 2 tip kansè po ki pi komen. Anjeneral yo pa grav paske yo pa souvan pwopaje nan lòt pati nan kò a. Tretman anjeneral mache byen sou yo.

- Kansè bazoselilè kòmanse nan kouch enferyè po a.
- Kansè spinoselilè kòmanse nan kouch siperyè po a.

Melanom se yon tip kansè po ki mwen komen. Li kòmanse nan selil ki bay po a koulè li (pigman). Melanom pi grav paske li gen plis tandans pwopaje nan lòt pati nan kò a. Melanom preske lakòz tout ka lanmò kansè po responsab yo paske li ka pwopaje rapid.

Tretman pou kansè po

Lè yo dekouvri li byen bonè, pifò kansè po yo ka retire ak chiriji minè nan kabinè doktè w. Lòt tretman ka pafwa aplike dirèkteman sou po w. Pou kansè po ki pwopaje yo, yo ka itilize radyasyon ak medikaman tankou chimyoterapi, terapi medikamn sible, oswa iminoterapi.

Tretman w lan pral depann de tip ak stad kansè po w lan. Opsyon tretman w yo pral depann tou de rezilta tès sou selil kansè yo, sante w, ak preferans pèsonèl ou. Doktè w ap ede w deside ki tretman ki pi bon pou ou.

Asire w ke w mande:

- Ki objektif tretman an?
- Ki tip kansè po mwen genyen?
- Ki stad kansè po mwen an ye, e kisa sa vle di?
- Ki lòt bagay ou te aprann nan rezilta tès mwen yo?
- Èske m ap bezwen fè chiriji? Si se sa, kijan ati ki opere an pral sanble apre chiriji an?
- Èske m ap bezwen plis tès?

A kisa pou m atann mwen anvan ak pandan tretman an

Pifò kansè po yo trete ak chiriji minè oswa tretman po ke yon dermatolog (doktè po) administre. Gen kèk kansè po ki trete nan yon sant kansè, sitou si yo bezwen plis tretman oswa si kansè a pwopaje nan lòt pati nan kò w. Doktè w ak ekip ou pral eksplike tretman w ak kijan li administre. Yo pral ede w prepare pou li, swiv kijan w ye, epi ede w jere nenpòt efè segondè.

Se pa tout moun k ap fè tretman pou kansè po ki pral gen menm efè segondè yo. Pa egzann, efè segondè chiriji sou po w diferan de efè segondè chimyoterapi, terapi medikamn sible, iminoterapi, oswa radyasyon. E moun kap resevwa menm tretman an ka gen efè segondè ki diferan.

Asire w ke w mande:

- Èske map bezwen tretman apre chiriji?
- Èske gen esè klinik k ap fèt pou tip kansè mwen an?
- Ki efè segondè m ka genyen, e ki sa m ka fè pou m evite yo?
- Kijan n ap fè konnen si tretman mache?
- Konbyen fwa m pral resevwa tretman? Konbyen tan li pral dire?
- Ki kote m prale pou m jwenn tretman? Èske m ap ka kondwi pou kont mwen?
- Èske m ap kapab kontinye fè aktivite m konn fè yo, tankou travay ak egzèsis?
- Èske m pral gen sikatris? Èske m pral sanble oswa santi m diferan?
- Èske mwen ta dwe pran prekosyon espesyal pou evite ekspozisyon a solèy la?

A kisa pou m atann mwen apre tretman an

Apre tretman an, doktè w pral siveye w de prè. Yo pral fè egzamen po regilye pou tcheke si kansè w lan retounen oswa si yon nouvo kansè kòmanse nan yon lòt pati nan kò w. Yo pral ede w tou jere nenpòt efè segondè.

Pou kèk moun, kansè a ka pa disparèt konplètman. Yo ka kontinye resevwa tretman, epi tès yo pral toujou nesèsè pou verifye efikasite li.

Ou ka fè fas ak chanjman nan kò w apre tretman. Tou depan de dimansyon, tip, ak lokalizasyon kansè a, po w ka gen sikatris oswa lòt chanjman. Asire w ke w mande doktè w a kisa pou ou atann ou epi fè yo konnen si ou gen nenpòt pwoblèm.

Moun ki te gen kansè po yo gen plis risk pou yo fè yon lòt kansè po. Menm lè ou santi w byen apre ou fin fè tretman, li enpòtan pou mande doktè w yon kalandriye regilye pou fè tès swivi pou verifye si kansè po w lan retounen.

Asire w ke w mande:

- Ki kote mwen ka jwenn yon kopi rezime tretman mwen an?
- Konbyen fwa m ap gen pou wè w? Kilè ak kijan mwen ta dwe kontakte w?
- Èske m ap bezwen fè tès pou m verifye si kansè m nan retounen, oswa pou m tcheke si m gen pwoblèm nan tretman m ap resevwa an?
- Èske m ap bezwen yon plan swivi apre tretman an?
- Èske gen efè segondè ki rive an reta oswa alontèm nan tretman ke mwen ta dwe siveye?
- Ki kote mwen ka jwenn dosye medikal mwen apre tretman an?

Rete an sante

Asire w ke w di doktè w si nenpòt efè segondè tretman pa disparèt oswa si ou gen nenpòt nouvo sentòm. Gen bagay ou ka fè pou w rete an sante pandan ak apre tretman an. Li enpòtan pou tcheke souvan si po w ap chanje. Fè yon zanmi oswa yon manm fanmi ede w gade zòn ki difisil ke w pa ka wè pou kont ou yo. Enfòmè doktè w si ou remake yon bagay diferan. Asire w ke w pwoteje po w lè w deyò. Rete nan lonbraj otank posib. Itilize krèm solè epi kouvri po ki ekspozè. Sonje fè sa pandan tout ane a lè w deyò. Evite kabann bwonza jwè, tou. Lè w manje byen, genyen epi kenbe yon gwosè nòmal, pa fimen, bwè ase likid, epi rete aktif, sa ka ede w rete an sante tou.

Jere emosyon w yo

Lè w gen kansè nan po sa ka fè w santi w pè, tris oswa strese. Li nòmal pou w santi emosyon sa yo, e gen fason pou ede w fè fas ak yo.

- Pa eseye jere emosyon w yo pou kont ou. Pale de yo, kèlkeswa sa yo ye.
- Li NÒMAL pou santi w tris oswa deprime detanzantan, men fè doktè w konnen si w santi emosyon sa yo pandan plis pase kèk jou.
- Si doktè w di w sa NÒMAL, kontinye fè bagay ou renmen fè tankou pase tan deyò, ale nan sinema oswa evènman espòtif, oswa ale nan dine.
- Jwenn èd nan aktivite tankou fè manje ak netwaye.

Ou ka kontakte zanmi, fanmi, oswa lidè relijye oswa gwoup. Konsèy kapab ede tou. Gen kèk moun ki twouve sa itil pou pale ak lòt moun ki te pase nan menm bagay ak yo. Yon gwoup sipò ka ofri sa. Di doktè w kijan ou santi w. Yo ka ede w jwenn bon sipò.



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit Entènèt Sosyete Kansè Ameriken (American Cancer Society) nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.